

## Misyon OMIG

Misyon nou se amelyore entegrite pwogram Medicaid Eta New York la nan anpeche ak detekte pratik fwod, move pratik, ak pratik ki pa itil anyen nan pwogram Medicaid la epi rekipere fon Medicaid yo mal depanse pandan nou ap ankouraje swen pasyan kalite siperyè.

Yo te kreye Biwo Enspektè Jeneral Medicaid (Office of the Medicaid Inspector General, OMIG) kòm yon antite endepandan nan Depatman Sante Eta New York pou amelyore ak konsève entegrite pwogram Medicaid la nan mennen ak kowòdone aktivite pou kontwòl fwod, gaspiyaj ak abi pou tout ajans eta ki responsab sèvis Medicaid finanse yo.

Nan kad misyon li, biwo a fè epi sipèvizè tout jefò prevansyon, deteksyon, odit, ak ankèt epi li kowòdone aktivite sa yo avèk divès ajans Eta yo. Anplis, OMIG travay nan tèt kole avèk Inite Kontwòl Medicaid Pwokirè Jeneral la (Attorney General's Medicaid Fraud Control Unit, MFCU) epi li travay pou li ranfòse patenarya avèk ajans federal ak lokal ki responsab pou fè respekte lalwa yo.

MWBE yo ede OMIG akonpli misyon li.

Ou kapab ede OMIG Konbat Fwod  
Liy Dirèk Gratis—877-87FRAUD

Telefòn: 518-473-3782

Imèl: [information@omig.ny.gov](mailto:information@omig.ny.gov)



Office of the  
Medicaid Inspector  
General

### Eta New York

Kathy Hochul, Gouvènè

### Biwo Enspektè Jeneral Medicaid

Frank T. Walsh, Jr.  
Enspektè Jeneral Adjwen Medicaid

### Ekip Administrasyon OMIG MWBE

Géza Hrazdina  
Enspektè Jeneral Adjwen pou Medicaid

518.408-5787

Kyle Schuttenberg  
Analiz Bidjè Anchèf  
518.402.1832

Edwin Lake  
Espesyalis nan Jesyon  
Kontra 2  
518.408.5996

Paul Ely  
Analiz Asosye Nan Bidjè  
518.408.0439

### Adrès Postal Nou:

Biwo Enspektè Jeneral Medicaid  
800 North Pearl Street  
Albany, NY 12204

### Imèl pou zafè Acha:

[procurements@omig.ny.gov](mailto:procurements@omig.ny.gov)

Kontakte OMIG sou entènèt:  
[omig.ny.gov](http://omig.ny.gov)



Office of the  
Medicaid Inspector  
General



Kreye  
Opòtinite pou  
MWBE yo



## OMIG Pran Angajman pou li Bay MWBE ki Sètifye yo Opòtinite

Selon Lòd Egzekitif 8 Gouvènè a, Biwo Enspektè Jeneral Medicaid la (Office of the Medicaid Inspector General, OMIG) pran angajman pou li bay Antrepriz Komèsyal ki pou Gwoup Minorite ak Fanm yo (Minority-Owned and Women-Owned Business Enterprises, MWBEs) opòtinite pou yo vann pwodui ak sèvis yo bay Eta New York, selon lwa ak règleman Eta a.

Pwosesis acha Eta a jwe yon gwo wòl nan kore misyon OMIG ak operasyon ak aktivite enpòtan ajans lan ap mennen yo.

Chak ane, OMIG siyen kontra ak antrepriz sektè prive yo pou vann pwodui ak sèvis nan itilize sous li prefere yo, kontra santralize Biwo Sèvis Jeneral yo, ansanm avèk kontra sou kote yo, pou li jwenn danre, teknoloji ak sèvis ki nesèsè yo.

### Opòtinite OMIG yo

Ale sou sitwèb OMIG la epi fè OMIG konnen antrepriz ou a ta renmen benefisye apèl dòf yo. Ranpli fòm “Enskripsyon Vandè pou Notifikasyon Moun ki fè Òf” nan: <https://omig.ny.gov/about-us/procurement-opportunities>

Lè gen yon apèl dòf ki reponn ak kritè ou te chwazi sou fòm lan, OMIG ap enfòmè ou sou apèl dòf sa a nan imèl.

## Fason pou Vin Sètifye MWBE

### Yon aplikasyon pou soumèt pou toule twa (3) pwogram sètifikasyon MWBE yo

Devlopman Eta New York (Empire State Development, ESD), Sèvis pou Ti Biznis nan Vil New York, ak Administrasyon Pò New York la ak New Jersey te pote kole pou fè pwosesis sètifikasyon MWBE a pi fasil toujou. Kounye a, vandè yo kapab soumèt yon aplikasyon pou toule twa (3) pwogram sètifikasyon MWBE yo.

Ranpli *nouvo* aplikasyon sètifikasyon MWBE “Nòm Global” la, epi soumèt fòm lan avèk tout dokiman sipò yo bay Empire State Development.

Si ou kalifye, yo ap voye aplikasyon ou an bay Sèvis pou Ti Biznis Vil New York ak Administrasyon Pò New York la ak NJ pou Sètifikasyon MWBE a.

Pa bliye ranpli dokiman anplis ki tache pou chak pwogram, epi bay tout dokiman sipò ki obligatwa yo. Enstriksyon konplè yo nan aplikasyon an epi dokiman anplis la nan do aplikasyon an.

Ou kapab ranpli aplikasyon an sou sitwèb ESD a nan [www.esd.ny.gov/MWBE.html](http://www.esd.ny.gov/MWBE.html)

## Resous MWBE Anplis

**Sitwèb pou Sèvis Acha OMIG** – Gen ladan enfòmasyon ki espesifik pou OMIG pou vandè ak apèl dòf espesifik yo: [www.omig.ny.gov/about-us/procurement-opportunities](http://www.omig.ny.gov/about-us/procurement-opportunities)

**Gid OGS ak ESD pou Fè Biznis nan Eta New York** – Yon gid konplè pou ede pwopriyetè biznis yo konprann pratik acha Eta a, idantifye apèl dòf yo, epi jwenn resous pou asistans teknik: <https://nyspro.ogs.ny.gov/content/doing-business-new-york-state-0>

**Repòtè Kontra Eta New York** – Se yon pi-blikasyon anliy, yo mete ajou chak jou, kote yo anonse apèl dòf Eta a: [www.nyscr.ny.gov](http://www.nyscr.ny.gov)

**Sant Devlopman pou Ti Biznis** – Òganizasyon benevòl sa a bay ti biznis ki fenk lanse ak ti biznis ki la deja yo yon pakèt asistans teknik nan Eta New York: [www.nyssbdc.org](http://www.nyssbdc.org)

**Repètwa pou Danre ak Sèvis Ajans Eta New York yo Achte Souvan** – Repètwa sa a bay yon lis opòtinite acha ki genyen nan Eta New York: [www.osc.state.ny.us/reports/fiscal/directorycommodities.pdf](http://www.osc.state.ny.us/reports/fiscal/directorycommodities.pdf)



Office of the  
Medicaid Inspector  
General